

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis panalungtikan jeung pedaran nu diébréhkeun dina bab saméméhna ngeunaan kecap pagawéna dina rubrik “Katumbiri” Majalah *Manglé* dicindekkeun di handap ieu.

Kecap pagawéan mangrupa kecap anu nuduhkeun tindakan, pagawéan, kagiatan, atawa lumangsungna kajadian hiji hal. Kecap pagawéan nu kapaluruh dina rubrik “Katumbiri” Majalah *Manglé* aya 321 kecap nu kaasup kana kecap pagawéan. Satuluyna kecap pagawéan dipasing-pasing jadi 3 rupa nyaéta wanda kecap pagawéan, wangun kecap pagawéan, jeung harti kecap pagawéan.

Wanda kecap pagawéan dina rubrik “Katumbiri” Majalah *Manglé* kapanggih aya 2 rupa nyaéta wanda kecap pagawéan dinamis jeung wanda kecap pagawéan statif. Data wanda kecap pagawéan dinamis nu kahiji nyaéta kapanggih 253 nu kaasup kana kecap pagawéan aktivitas. Kecap pagawéan aktivitas diwincik deui jadi 3 rupa nyaéta kecap pagawéan migawé kapanggih aya 178 data, kecap pagawéan dipigawé kapanggih aya 72 data, sarta kecap pagawéan silihbales kapanggih aya 3 data. Wanda kecap pagawéan dinamis nu kadua nyaéta kecap pagawéan prosés, dina ieu wanda kapaluruh aya 9 data nu kaasup kecap pagawéan prosés. Sarta nu katilu, wanda kecap pagawéan dinamis anu paling jarang digunakeun nyaéta kecap pagawéan mutatif data nu kapanggih ngan aya 4 kecap.

Dumasar hasil analisis dina rubrik “Katumbiri” Majalah *Manglé* kapanggih aya 55 data nu mangrupa wanda kecap pagawéan statif. Wanda kecap pagawéan ngawengku dua rupa nyaéta kecap pagawéan miindra jeung kecap pagawéan tatalian. Kecap pagawéan miindra nu kapanggih aya 34 data. Sedengkeun kecap pagawéan tatalian kapanggih ngan aya 4 data. Ku kituna wanda kecap pagawéan tatalian mangrupa wanda nu jarang digunakeun dina rubrik “Katumbiri” Majalah *Manglé*.

Salian éta, dina rubrik “Katumbiri” Majalah *Manglé* kapanggih aya opat rupa wangun kecap pagawéan di antarana nyaéta 1) wangun kecap pagawéan salancar nu kapanggih aya 15 kecap, 2) wangun kecap pagawéan nu panglobana digunakeun

nyaéta wangun kecap pagawéan rundayan data nu kapanggihna aya 287 kecap, 3) wangun kecap pagawéan rajékan kapanggih aya 14 data, sarta ka 4) wangun kecap pagawéan nu pangsaeutikna digunakeun nyaéta wangun kecap pagawéan kantétan kapanggih ngan aya 5 data.

Dina rubrik “Katumbiri” Majalah *Manglé*, kapaluruh aya 24 harti ngararangkénan di antarana nyaéta, 1) harti ‘ngalakukeun jama di/ka D’, 2) harti kakeunaan pagawaéan teu dihaja di-keun’, 3) harti ‘bisa di-D-(keun)’, 4) harti ‘nyieun jadi D’, 5) harti ngajadikeun D’, 6) harti ‘nepikeun D’, 7) harti ‘ngalakukeun D’, 8) harti ‘ngalakukeun D (pikeun)’, 9) harti ‘ngalakukeun D kalawan inténsif’, 10) harti ‘kakeunaan pagawéan D’, 11) harti ‘dina kaayaan D’, 12) harti ‘dijieun jadi D’, 13) harti ‘terus-terusan ngalakukeun D’, 14) harti ‘méré D’, 15) harti jadi ‘D’, 16) harti ‘sababaraha kali ngalakukeun D’, 17) harti ‘sangkan di-D’, 18) harti ‘tambahan’, 19) harti ‘pabales-bales’, 20) harti ‘ngahasilkeun D’, 21) harti ‘nganggap D’, 22) harti ‘kakeunaan pagawéan D kalawan inténsif’, 23) harti ‘kakeunaan kalakuan teu dihaja’, jeung 24) harti ‘teu kahaja di-D’.

5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan dipiharep sangkan bisa ngajembaran élmu pangaweruh dina widang kabasaan hususna dina widang morfologi boh éta keur nu maca atawa keur panalungtik séjén. Panalungtikan ieu ogé dipiharep bisa méré mangpaat pikeun kahirupan sapopoé sarta pikeun jadi référénsi panalungtikan ngeunaan kecap pagawéan séjénna.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sababaraha hal nu perlu dirékoméndasikeun saperti di handap.

1. Ieu panalungtikan ngagunakeun sumber data tinulis nu mangrupa rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé*. Nu ditalungtikna nyaéta wanda kecap pagawéan, wangun kecap pagawéan, jeung harti kecap pagawéan. Dipiharep aya nu nalungtik kecap pagawéan dina wangun lisan saperti dina paguneman atawa wangun video.

2. Ieu panalungtikan ngan nalungtik kecap pagawéan dina rubrik “Katumbiri” majalah *Manglé*. Dipiharep kahareupna aya nu nalungtik unsur-unsur tata kecap séjénna nu aya dina majalah *Manglé*.